**दिन–बुधवार** **दिनांक–12.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बिहारक विकास लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी द्वारा कयल गेल कतेको पहलकेँ सराहना कयलनि। श्री कुमार आइ पटना मे संत रविदास जयंती पर विकास मित्रसभ लेल आयोजित क्षमता संवर्धन कार्यक्रम के संबोधित कऽ रहल छलैथ। ओ कहलनि जे प्रधानमंत्री बिहारसँ जुड़ल योजना सभ पर नजरि रखैत छथि। कार्यक्रमकेँ संबोधित करैत उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे बिहार मे वंचित वर्गक उत्थानक लेल लगातार काज भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे अनुसूचित जाति आओर जनजाति के कल्याणक लेल चालू वित्तीय बरखक एक्कैस अरब बीस करोड़ रुपैया प्रावधान कयल गेल। कार्यक्रम के संबोधित करैत केन्द्रीय गृह राज्य मंत्री नित्यानंद राय कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन कार्यकालक दौरान वंचितक उत्थानक लेल कतेको महत्वपूर्ण काज कयलनि अछि।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे राज्य सरकार कृषि, ग्रामीण विकास आओर बुनियादी संरचनाकेँ क्षेत्र मे अभूतपूर्व निवेश कऽ रहल अछि। श्री चौधरी आइ पटना मे नाबार्ड द्वारा आयोजित राज्य ऋण संगोष्ठीकेँ संबोधित कयलनि। ओ राज्यकेँ विकास मे नाबार्डक भूमिकाकेँ सराहना कयलनि। श्री चौधरी कहलनि जे नाबार्ड बिहारक ग्रामीण अर्थव्यवस्थाकेँ वित्त पोषित करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि।

---

फिल्म अभिनेत्री दीपिका पादुकोण छात्र सभसँ कहलनि जे विफलताकेँ डर के चिंता कयने बिना अपन ताकत पर ध्यान केन्द्रित करैत आओर अपन कमजोरीकेँ दुर करबाक आग्रह कयलनि। परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रमक दोसर भागकेँ क्रम मे छात्रसभक संग ओ गपशप कयलनि। ओ कहलनि जे छात्रसभकेँ स्पष्टता आओर दृढ़ विश्वासक संग चुनौति सभक सामना करबाक चाही आओर यदि कोनो गलती हुए तऽ घबरेबाक नहि चाही। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीकेँ छात्र सभक संग गपशपक दरमियान फिल्म अभिनेत्री कहलनि जे छात्रसभकँ अपन भावनाकेँ व्यक्त करबाक चाही आओर कखनहुँ अपन मनक भावनाकेँ दबेबाक नहि चाही।

————————————————————————

लोकसभाकेँ कार्यवाही के आब मैथिली सहित आन छओ टा भारतीय भाषा सभ मे रूपांतरण कयल जायत। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आइ सदन के कार्यवाही के दरमियान ई घोषणा कयलनि। एम्हर, दरभंगाक सांसद गोपाल जी ठाकुर आओर मधुबनीकेँ सांसद अशोक यादव सहित मिथिलाक विभिन्न लोकसभा क्षेत्रकेँ सांसद सभ एहि घोषणाक स्वागत कयलनि। दरभंगाक सांसद श्री ठाकुर कहलनि जे एहि पहलसँ मैथिली भाषाकेँ एक नव पहचान भेटत।

————————————————————————

माघ मासक पूर्णिमा पर आइ प्रदेशभरि मे श्रद्धालु गंगा सहित आन नदी आ सरोवर सभ मे भोरे सँ पवित्र स्नान कऽ रहल छथि। हमर संवाददाता जनौलनि जे पटनाकेँ कतेको गंगा घाट सभ पर भोरे सँ श्रद्धालु आस्थाकेँ डूबकी लगा कऽ दान–पुण्य करैत छथि। बक्सर, मुंगेर आओर बेगूसरायकेँ गंगा घाट सभ पर श्रद्धालु सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। एम्हर, प्रयागराज महाकुंभ मे आइ अमृत स्नान जारी अछि। अखन तक करोड़ो श्रद्धालु आस्थाक डुबकी लगा चुकल छथि।

————————————————————————

आइ संत रविदासक जयंती श्रद्धापूर्वक मनाओल जा रहल अछि। संत रविदास प्रसिद्ध भक्त कवि मीराबाई के गुरु छलैथ। ओ जातिकेँ भेदभाव मिटेबाक आ लोकसभकेँ एकजुट करबाक लेल प्रोत्साहित कयलनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर मूख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभकेँ रविदास जयंतीक शुभकामना देलनि। संत रविदासकेँ जयंती पर प्रदेशभरि मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक मौसम मे एक बेर फेरसँ परिवर्तनक संभावना अछि। मौसम विभाग कहलनि जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान न्यूनतम तामपान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के कम होयबाक संभावना अछि। ओतहि, अगिला तीन दिनक दौरान राज्य के उत्तरी भाग मे किछु स्थान पर हल्कासँ मध्यम स्तरक कुहासा रहबाक संभावना अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान नओ दशमलव एक डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग सहरसा जिलाक अगवानपुर राज्यक सभसँ ठंढ़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाकेँ न्यूनतम तापमान पन्द्रह दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————

समाप्त